# ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ТУРМЫСЫНДА МАГИЯЛЫҚ ИСЕНИМЛЕРДИҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

**Даулетбайев Ж. У.**
*Қаракалпақ мамлекетлик университети*

**Кирисиў.** Шаңарақта өткерилетуғын салт-дәсүрлер, күнделикли турмысымызда, сондай-ақ халықтың мәдений мийрасында әҳмийетли орын ийелейди. Әсиресе, турмыс қурыў, тойлардың алдынан ҳәм соңынан өткерилетуғын дәстүрлердиң өткерилиўи, сондай-ақ перзенттиң дуняға келиўи сыяқлы үрп-әдетлер ҳәр бир шаңарақта айрықша әҳмийетке ийе есапланады. Халқымыздың бул дәстүрлерди өткериўде, турмыстың социал-экономикасы менен тығыз байланысқан болыўына қарамастан олардың арасында магиялық әмеллер, исеним ҳәм көзқараслар гиреўли орын тутатуғынлығын көриўимизге болады. Сол исенимлер заманагөй өмиримизде жүдә кең орын ийелегенлигин инабатқа алып, биз қарақалпақлардың шаңарақлық мәресимлериндеги магиялық үрп-әдетлердиң турмысымызда тутқан орны, жаслардың баҳытлы турмыс кешириўи, келешекте көп перзентли болыўы сыяқлы мәселелерге азлы-кем болса да өз үлесимизди қосыўды мақул деп билдик.

**Мәселениң изертлениў дәрежеси**. Орайлық Азия халықларында перзент туўылыўы ҳәм келин тойлары дәстүрлеринде орын алған магиялық көзқараслар этнография пәниниң фундаменталлық бағдарларынан бири сыпатында узақ жыллардан берли изертлеўшилердиң дыққат орайында болып келмекте. Бул мәселениң үйренилиў тарийхына нәзер таслайтуғын болсақ, өткен әсирде С.П. Толстов [8.241-364], Г.П. Снесарев [7.73-106], В.Н. Басилов [3.40-54] сыяқлы илимпазлардың жумысларын айрықша атап өтиў керек. Атап айтқанда, Г.П. Снесарев Хорезм оазиси өзбеклериниң исламға шекемги исенимлерин, анимистикалық түсиниклер ҳәм магиялық әдетлерди терең талқылап, олардың генетикалық тамырларын ашып берген. Шаңарақлық мәресимлер ҳәм олардағы магиялық елементлерди системалы үйрениўде К. Шаниязов [10.157-164], И. Жаббаров [5.158-183] сыяқлы илимпазлардың үлеси үлкен болып, олар мәресимлердеги ҳәр бир ҳәрекеттиң социаллық ҳәм мәдений функцияларын изертлеген.

Соңғы жылларда А. Аширов [2.88-104] тәрепинен алып барылған изертлеўлерде өзбек халқының дәстүрий турмыс тәризиндеги магиялық көзқараслар, әсиресе, келин түсириўде от пенен байланыслы пәклениў мәресимлери сөз етилген. Қарақалпақ этнограф алымларынан болса, Х. Есбергенов, Т. Атамуратов [4.140-150], Р.С. Камалова [6.100-104], К. Турекеевлердиң [9.67-90] илмий жумыслары үлкен әҳмиетке ийе болып, оларда қарақалпақлардың шаңарақлық турмысындағы *«бесик тойы»*, *«бет ашар»* ҳәм перзент саламатлығын қорғаўға байланыслы магия елементлери баян етилген. Соған қарамастан, бүгинги күнде Хожели ҳәм Шоманай аймақларында, бирден-бир регионаллық контекстте ҳәм заманагөй трансформация процеслери менен байланыстырған ҳалда арнаўлы изертлеў зәрүрлиги пайда болмақта. Бул болса усы мәселеде жаңа этнографиялық мағлыўматларды топлаў ҳәм дала жазыўларын алып барыўды талап етеди.

**Тийкарғы бөлим**. Қарақалпақлардың шаңарақ салт-дәстүрлеринде, көплеген ырымларға, тыйымларға тийкарланған әдетлер орын алған. Атап айтқанда, тойдан алдын келин ҳәм күйеў тәрептиң жасы үлкен адамлары неке ҳаққындағы келисимин *«нан сындырыў»* мәресими арқалы әмелге асырады. Бунда еки пүтин нанды қосып ортасынан сындырады. Соң сол жердеги адамларға, жасларға жедирилип жақсы тилеклер айтылады.

Дала жазыўларын алып барғанымызда мәресимдеги тийкарғы ролди жасы үлкен ер адамлар атқаратуғыны мәлим болды. Болажақ келин үйинде жыйналған жасы үлкенлер дастурханнан еки пүтин нанды алады ҳәм оларды биргеликте қосып ортасынан тең екиге бөлип сындырады. Дастурхан әтирапында отырған бәршеге сол наннан *«аўыз тийитип»* (жедирип), соң еки нанның да ярым бөleклерин жигит тәрептегилерге берип жибереди, ал нанлардың қалған екинши ярым бөлеклери қыздың үйинде қалады [12]. Халық арасында *«нан сындырысты»*, *«нан сындырысып қойыпты»* деп жийи-жийи қолланылады. Бул неке келисиминиң дүзилгенлигин, буннан кейин келисимниң бузылмаў кереклигин ҳәм тойдың анық болатуғынлығын билдиреди.

Мәресимдеги нанның әҳмийети ҳаққында етнограф илимпаз Қ.Турекеев оның тийкарғы азық-аўқат өними болғаны ушын мәресимдеги орнының гиреўли екенин ҳәм *«нан сындырысыў»дың* мақсети жаңа туўысқаншылық байланысларын, еки шаңарақ аўызбиршилигин беккемлеў, және де турмыс қурып атырған жаслардың бахытлы ҳәм мазмунлы өмир кешириў тилеклерин билдириўден ибарат екенлигин айтып өтеди [9.79]. Халқымыз мәдениятының бай дәстүрлери тек ғана келин тойлары менен шекленип қалмаған. Бул нан менен биргеликте халқымыз арасында келинниң минезиниң жуўас болыўын, аяқ алысының жеңил болыўын ҳәм ата-енесине жыллы мүнәсибетте болыўын тилеген ҳалда қойға байланыслы инанымлар да орын алған. Мысал етип айтатуғын болсақ, тойдың тийкарғы бөлими болған *«бет ашар»* мәресиминде келинге нәсият айтып оның бетин ашыў ўақтында қойдай жуўас болсын деп келинниң аяқ астына қойдың терисин төсеўи дыққатымызды тартты [17].

Британиялы атақлы алым Жеймс Фрезер өз мийнетинде симпатикалық магияның *«уқсаслық нызамы»* ҳәм *«байланыс (контагиозлық, яки жуғыў) нызамы»* принциплерин бөлип көрсетеди [1.52]. Яғный, дәслепки принцип бойынша уқсаслық уқсаслықты келтирип шығарады, қәлеген тәсирге оған еликлеў арқалы ерисиў мүмкин. Бунда жоқарыдағы мәресимди *«уқсаслық нызамы»* принципине бағдарлайтуғын болсақ келинниң минези қойдың минезине уқсап жуўас болсын деген мәнисти түсиниўге болады. Биракта, қалайынша қойдың минези келинниң минезине тәсир көрсетеди, ҳәттеки тири қой арқалы да емес, ал оннан қалған тери арқалы буған ерисиў мүмкинбе деген сораў туўылыўы тәбийий. Ондай жағдайда, екинши принцип шеңбериндеги инаным жумыс ислейди. Яғный, биринщиден алдын бир-бирине тийип турған затлар турақлы түрде байланыста болады деп есаплайды ҳәм қойдың териси елеге шекем қойдың өзи менен байланыста екенлигин, оның қәсийетлерин өзинде сақлап қалған болыўы мүмкин екенлигин билдиреди. Екиншиден, сол қойдың терисин келинниң аяқ

астына төсеўи арқалы ол менен контактлық байланысты тәмийинлегенин ҳәм сол арқалы келинге тәсир көрсетежағын, тери өзинде сақлап қалған қойдың қәсийетин (жуўас минезин) келинге *«жуқтыражағын»* аңлаймыз. *«Бет ашар»* мәресими ўақтында келинниң аяқ астына қойдан басқа ҳайўанлардың териси төселгенин ушыратпаймыз, бирақта гилем төселген жағдайлар ушырасып турады.

Сөз етип атырған темамыз шеңбериндеги бул мәрерсимниң және бир итибарға ылайық тәрепи сонда, келинниң бетин жаўып қойған орамал үстинен және бир үлкен орамал басынан тасталып, оның ушына бирнеше орамал избе-из байланады ҳәм оның екинши бир ушы бир таяққа байланып, ол таяқты бир бала услап турады. Таяқ мийўели теректиң дүзеў шақасынан сындырып алынып исленген болыўы керек. Буның мәниси сол мийўели терек сыяқлы түсип атырған келин көп перзентли болсын, шақаның дүзеўлигиндей туўры өнип-өссин деген тилек билдириўинде көринеди. Және, таяқты тек ғана ул бала услап турады, буның да усындай ул балалы болсын деген мәниси бар [11]. Кейинги мәселе, келин келгеннен кейинги күнлердеги көзқараслар ҳәм уғымларға тоқталамыз. *«Келин келсе аяғы менен, шопан келер таяғы менен»* деген халқымызда нақыл бар. Бул келин түскен үйдеги жүз беретуғын кейинги ўақыялардың жақсы болыўы, яки жаман болыўы келинниң қутлы қәдем болып келгени, яки оның кериси болғаны ҳаққындағы исенимлерге байланыслы.

Той шаңарақтың тийкарын салады. Оның беккемлениўинде әлбетте перзенттиң орны гиреўли есапланады. Перзентли болыў ушын адамлар халық дәстүрлерин, түрли ырымларды, ритуалларды орынлайды. Соған тийкарланатуғын болсақ, балалы болмаған шаңарақлар зиятратларға барады, көп перзентли болған адамлардан *«ийт көйлек»* алады. *«Ийт көйлек»* бала туўылған ўақытта биринши кийдирилетуғын көйлеги болып, оның *«өмири қайтпасын»* деген мәнисте етек-жеңлериниң ушы, ҳәттеки жағасы да қайтарылмаған, яғный қайтарып тигилмеген болады. Бурынлары оны баланың тили шығып, сөйлеймен дегенше кийгизетуғын болған [12].

Және бундай мысаллардан айтатуғын болсақ, перзент туўылғаннан кейин оның киндиги түскен ўақытта киндигин жат көзлерден, әсиресе бийперзент ҳаяллардан қатты қорғайды. Себеби бар болған көзқарасларға көре, перзентсиз ҳаял киндик бөлегин жутып жиберсе, ол тез арада ҳәмледар болыўы мүмкин екен. Бирақ бул әмел киндиги түскен балаға зыян болып, келешекте бийперзент болып қалыўы мүмкин деген түсиниклер бар [9.68]. Киндикке уқсас айрым жағдайларда баланың сүннет етилген *«сүннетиниң ушы»н* да алған, ямаса урлаў жағдайлары да ушырасады.

Көп ўақыттан бери ҳәмледар бола алмай жүрген ҳаяллар, ҳәмледар ўақтында ҳәмлеси түсип қала беретуғынлар, ямаса баласы *«шетней беретуғын»* (туўыласала өлип қала беретуғын) ҳаяллар зыянланған, олардың зыяны басқаларға да өтиўи мүмкин деп исениледи. Сонлықтан бундай ҳаялларды той-мерекелерде орталықтан шетлетиў жағдайлары бақланады. Әсиресе, келин түсиў мәресимлеринде жаңадан түскен келинниң шымылдығы тартылған бөлмесине киргизбеўге ҳәрекет етеди. Оның себеби, бийперзент ҳаяллар жаңадан түскен келин ушын салынған төсекке келиннен бурын жатып аўнаса перзентли болып кетеди, бирақта зыян жаңадан түскен келинге өтип ол бийперзент болып қалады деген магиялық исенимлер бар [14].

Буннан басқа, бийперзент ҳаяллар бала туўылған ўақытта бала жолдасының үстине отырады [15]. Бунда да, жоқарыда айтылған жағдайлардағы сыяқлы оның перзентли болыўына жәрдем береди, ал туўған ҳаялға, яки туўылған балаға зыяны тийеди деп түсиниледи. Бундай исенимлерге исенсе де, исенбесе де өзине сақ болыў ушын ҳәрдайым бала жолдасын перзентли болған шаңарақ өзлери менен алып кетип мийўели теректиң астына, яки аяқ баспайтуғын жерге көмип таслайтуғын болған. Баланың жолдасына болған итибар сыяқлы, гейпара табулар киндикте ҳәм сәўлелениўин тапқан. Яғный, өткен әсир орталарына шекем *«киндик шеше»*, ал ҳәзирги күнде болса шыпакерлер балаға зыян келмесин деген нийетте оны анасына ақ шүберекке орап бериў ҳалатлары ушрасып турады [14]. Егерде бийперзент ҳаяллардың жақынларынан кимдур перзентли болған жағдайларда, бөбектиң анасының ырзашылығы менен, *«ол да перзентли болсын»* деген нийетте өткериледи. Бундай жағдайларда, тек бала жолдастың үстине отырыў ғана емес, *«етегине салыў»* ритуалы да бирге орынланады. Яғный, бала туўылған ўақыттың өзинде бийперзент ҳаял көйлегиниң етегине салынады. Бизиң пикиримизше *«етекке салыў»* ырымында усындай балалы болғайсаң, етегиң балаға толғай деген тилеклер билдирилген ҳалда әмелге асырылады. Оның балалы болыўына тәсир етеди деп ойлайды [14]. Етегине салынған бала бийперзент жубайларға берилетуғын болған. Айрым жағдайларда туўры мәниде асыраўға беретуғын болса, айрым жағдайларда тек ғана атына атап беретуғын болған. Көбинесе бийперзент шаңарақ перзент сақлап алғаннан кейин *«изине бала ереди»*, балалы болып кетеди деп түсиниледи.

Перзентли бола алмай жүрген шаңарақларға қоныс өзгертип көриўи кереклиги де айтылады. Илажы барынша алыслаўға, әсиресе жасап турған журтынан дәряның арғы тәрепине өтип қоныс басыўы олардың перзентли болып кетиўине себеп болады деп исениледи [16]. Көшиў тек бала көтере алмай жүрген шаңарақта емес, баласы турмайтуғын, шетней беретуғын шаңарақларда да әмелге асырылады. Бул жерде дәряны кесип өткенде, перзентсизлик яки шетнеў олар менен бирге өтпей гөне журтында қалады, жаңа қонысқа барып перзентли болып кетеди деген исеним бар [13].

**Жуўмақлаў.** Қарақалпақ халқының шаңарақлық салт-дәстүрлериндеги магиялық исенимлерди үйрениў арқалы, биз халқымыздың руўхый мәденияты ҳәм дүнямқарасының терең тамырларын ашып бериўге ҳәрекет еттик. Изертлеўимиз жуўмағында төмендеги пикирлерди тийкарлаймыз: бириншиден, қарақалпақлардың турмысындағы магиялық әмеллер тек ғана ырым-тыйым емес, ал жәмийетлик мүнәсибетлерди тәртипке салыўшы ҳәм келешекке үмит бағышлаўшы руўхый қурал хызметин атқарады. Мәселен, *«нан сындырысыў»* мәресими еки шаңарақ арасындағы келисимниң муқаддеслигин ҳәм бузылмаслығын магиялық символлар арқалы

беккемлейди. Екиншиден, келин тойларындағы қой терисин төсеў яки мийўели терек шақасын қоллыныў сыяқлы әмеллер симпатикалық магияның *«уқсаслық»* ҳәм *«байланыс»* нызамларына тийкарланған. Бул арқалы халқымыз жас келинниң минези жуўас, өзи болса көп перзентли болыўын тәбият күшлери менен байланыстырған ҳалда тәмийинлеўге умтылған. Үшиншиден, перзентли болыў яки баланың саламатлығын сақлаў менен байланыслы магиялық ритуаллар (*«ийт көйлек», «киндик сақлаў», «қоныс өзгертиў»*) адамлардың психологиялық исенимин беккемлеп, қыйын жағдайларда руўхый тирек болып хызмет еткен. Сондай-ақ, бул дәстүрлер бүгинги күнде заман талабына сай трансформацияға ушыраса да, өзиниң тийкарғы мазмунын ҳәм *«жақсы нийет»* принципин сақлап қалған.

Жуўмақлап айтқанда, халқымыз арасында унамлы қубылысларды пайда етиў, оларды шақырыў ушын, яки унамсыз жағдайлардың алдын алыў, оларды кеткизиў ушын ҳәр түрли ырымларды, ритуалларды, магияларды қолланғанын көремиз. Буннан халқымыздың салт-дәстүрлери тек миллий ҳәм диний исенимлер менен ғана емес магиялық инанымлар менен де байланысып кеткени көринеди. Бул уғымлар халқымыздың этос ҳәм этикасын, миллий өзин-өзи аңлаў қәсийетлерин сәўлелендиреди. Биз бул этнографиялық мағлыўматларды илимий тийкарда үйрениў арқалы миллий мийрасымыздың бийбаҳа екенлигин ҳәм оны келешек әўладқа илимий көзқарас пенен жеткериў зәрүр екенлигин дәлилледик.

**ӘДЕБИЯТЛАР:**


1. Frazer, J. G. The Golden Bough: A Study of Magic and Religion. In Two Volumes. Vol. I. London: Macmillan and Co., Limited, 1917. – p. 426.
2. Аширов А. Ўзбек халқининг қадимий эътиқод ва маросимлари. – Тошкент: Ўзбекистон Миллий кутубхонаси нашриёти, 2007. – 272 с.
3. Басилов В.Н. Культ святых в исламе. Монография. – М.: Институт научного атеизма, издательство "Мысль", 1970 – 144 с.
4. Есбергенов Х., Атамуратов А. Традиции и их преобразование в городском быту каракалпаков. Нукус: Каракалпакстан, 1975. – 211 с.
5. Жабборов И. Ўзбеклар (Анъанвий хўжагили, турмуш тарзи ва этномаданияти). – Тошкент: Шарқ, 2008. – 240 с.
6. Камалова Р.С. Традиционные верования каракалпаков, связанные с рождением ребенка в XIX – нач. XX в. // Вестник Каракалпакского отделения Академии Наук Республики Узбекистан. – Нукус, 1993. – № 2. – С. 100-104.
7. Снесарев Г.П. Реликты домусульманских верований и обрядов у узбеков Хорезма. М.: Наука, 1969. – 336 с.
8. Толстов С.П. Религии народов Средней Азии // Религиозные верования народов СССР. Сборник этнографических материалов. М., Л., 1931. – С. 241-364.
9. Турекеев Қ.Ж. Қорақалпоқларниң ҳозирги кундаги анъанавий эътиқодлари ва тасаввурлари. Диссертация (PhD) – Нукус: 2022. – 137 б.
10. Шаниязов К. Узбеки-карлуки (Историко-этнографический очерк). Ташкент, 1964. – 193 с.


**ДАЛА МАТЕРИАЛЛАРЫ:**


11. Автордың дала жазыўлары 2026-жыл №1. Хожели районы Бунёдкор МПЖ Арзу к. 15-жай турғыны Алламбергенов Б. 1957-ж.т.
12. Автордың дала жазыўлары 2026-жыл №2. Хожели районы Бунёдкор МПЖ Арзу к. 15-жай турғыны Алламбергенова Д. 1958-ж.т.
13. Автордың дала жазыўлары 2026-жыл №3. Хожели районы Бунёдкор МПЖ Арзу к. 22-жай турғыны Алламуратов У. 1967-ж.т.
14. Автордың дала жазыўлары 2026-жыл №4. Хожели районы Бунёдкор МПЖ Арзу к. 22-жай турғыны Реметуллаева А. 1966-ж.т.
15. Автордың дала жазыўлары 2026-жыл №5. Шоманай районы Бирлешик АПЖ Абат жап аўыл 5-жай турғыны Алламуратова Қ. 1956-ж.т.
16. Автордың дала жазыўлары 2026-жыл №6. Шоманай районы Бирлешик АПЖ Бағ аўыл 23-жай турғыны Хожаметова З. 1960-ж.т.
17. Автордың дала жазыўлары 2026-жыл №7. Шоманай районы Бирлешик АПЖ Бирлешик к. 21-жай турғыны Қалжанова Т. 1966-ж.т.


*Қорақалпоқларнинг турмушида магик эътиқодларнинг акс этиши*


**Резюме.** Мақола қорақалпоқ халқининг оилавий маросимлари ва кундалик ҳаётида сақланиб қолган магик қарашлар ҳамда урф-одатлар таҳлилига бағишланган. Муаллиф қорақалпоқ никоҳ тўйларида ўрин олган «*нан сындырыў*», «*бет ашар*» ва фарзанд туғилиши билан боғлиқ ритуалларнинг баъзи жиҳатларини ёритиб берган. Тадқиқот асосан Хожайли ва Шуманой туманларида олиб борилган дала тадқиқотлари ва этнографик адабиётларда нашр қилинган этнографик маълумотларга асосланган. Мақолада Жеймс Фрезернинг симпатик магия назарияси асосида маросимлардаги магиянинг кўринишлари тилга олинган. Шунингдек, мақолада бепуштликдан қутулиш ва бола саломатлигини ҳимоя қилиш билан боғлиқ магик амалларнинг замонавий трансформацияси таҳлил қилинган.



**Калит сўзлар:** қорақалпоқ, оилавий маросимлар, магия, *«нан сындырыў», «бет ашар», «ийт көйлак»*, ирим-сиримлар.


*Отражение магических верований в жизни каракалпаков*


**Резюме.** Статья посвящена анализу семейных обрядов и магических представлений и обычаев, сохранившихся в повседневной жизни каракалпакского народа. Автор осветил некоторые аспекты ритуалов, связанных с *«нан сындырыў», «бет ашар»* и рождением ребенка, которые имели место на каракалпакских свадьбах. Исследование в основном основано на полевых исследованиях, проведенных в Ходжейлийском и Шуманайском районах, и этнографических данных, опубликованных в этнографической литературе. В статье упоминаются проявления магии в ритуалах, основанные на теории симпатической магии Джеймса Фрейзера. Также в статье анализируется современная трансформация магических действий, связанных с избавлением от бесплодия и защитой здоровья ребенка.



**Ключевые слова:** каракалпаки, семейные обряды, магия, *«нан сындырыў» «бет ашар», «ийт көйлек»*, суеверия.


*Reflection of magical beliefs in the life of the Karakalpaks*


**Resume.** The article is devoted to the analysis of magical beliefs and customs preserved in the family rituals and everyday life of the Karakalpak people. The author highlights some aspects of the rituals associated with *«nan sindiriw», «bet ashar»*, and the birth

of a child, which took place at Karakalpak wedding ceremonies. The research is mainly based on field research conducted in the Khojayli and Shumanay districts and ethnographic data published in ethnographic literature. The article mentions manifestations of ritual magic based on James Fraser's theory of sympathetic magic. The article also analyzes the modern transformation of magical practices related to eliminating infertility and protecting child health.

**Keywords:** Karakalpak, family rituals, magic, *«nan sindiriw» «bet ashar»*, *«iyt koylek»*, superstitions.

---